

17 Daout 2020

Pwoteksyon Figi - Direktiv pou Kominote UMD a

Chè Kominote Kanpis la,

Pwoteksyon figi yo se yon eleman enpòtan nan konpòtman sen [4 Maryland](#) yo. Pwoteksyon figi yo ede anpeche moun ki gen COVID-19 gaye viris la bay lòt. Pwoteksyon figi ou a ede pwoteje lòt moun, epi pwoteksyon figi lòt moun yo pwoteje ou.

Chak manm nan kominote sou kanpis nou an responsab pou gen yon pwoteksyon figi ak yo toutan pandan yo sou kanpis la. Inivèsite a rekòmande pou nou pote de(2) ak nou, nan ka youn ta pèdi oswa andomaje.

Kilè nou dwe mete yon pwoteksyon figi sou kanpis la?

- Nou dwe mete pwoteksyon figi yo toutan lè nou anndan yon espas. Nou dwe mete yo tou lè nou nan prezans lòt moun, tankou lè gen kou ki fèt anplennè. Nou dwe mete pwoteksyon figi yo toutan lè nou nan transpò piblik, tankou Shuttle-UM.
- Nou ka retire pwoteksyon figi yo nan sal fèmen ki pa pataje tankou nan biwo prive yo. Si yon lòt moun antre nan sal la, tout moun dwe mete yon pwoteksyon figi.
- Nou ka retire tanporèman pwoteksyon figi nou an lè n ap manje oswa bwè men nou dwe mete li ankò touswit.

Kisa yon pwoteksyon figi akseptab ye?

- Yon pwoteksyon figi se yon mòso twal oswa lòt materyèl ki byen mete sou figi a, ki kouvri nen ak bouch la. Kalite pwoteksyon figi yo gen ladan mask an twal, foula ak bandana. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) gen direktiv sou [Itilizasyon Mask pou Ede Ralanti Pwopagasyon COVID-19](#).
- Pwoteksyon figi ki pa akseptab:
 - Ekran figi yo (plastik klè ki pandye apati yon bando) pa otorize lè yo mete yo poukont yo, akòz yo pa pwoteje lòt yo kont COVID-19. Nou ka mete yon ekran figi anplis yon pwoteksyon figi akseptab.
 - Pwoteksyon figi ki gen pò oswa valv pou respire yo pa otorize akòz yo pa pwoteje lòt yo kont COVID-19.

Kijan nou dwe mete yon pwoteksyon figi ak pran swen li?

- Yon pwoteksyon figi dwe byen mete pou li ka kouvri nen, bouch ak manton an. [Videyo](#) UMD sa a montre kijan pou mete ak pran swen yon pwoteksyon figi. CDC gen enfòmasyon anplis sou [kijan pou mete yon pwoteksyon figi](#).
- Nou ka jwenn detay sou [kijan pou lave pwoteksyon figi yo](#) sou sitwèb CDC a. Pwoteksyon figi jetab yo dwe jete nan poubèl.

Èske inivèsite a gen pwoteksyon figi ki disponib pou kominote inivèsite a itilize?

- N ap bay de(2) pwoteksyon figi pou chak etidyan/anplwaye.
 - Etidyan yo sou kanpis la pral resevwa yo nan twous byenvini yo.
 - Etidyan yo ki pa sou kanpis la ka pase pran yo nan konplèks apatman yo apati 19 out, oswa nan dat 14 ak 15 septanm nan 9-3 p.m. nan kyòsk yo ki sitiye nan Xfinity Center, Konplèks Syans Fizik yo ak Tawes Plaza.
 - Depatman yo responsab pou bay anplwaye yo pwoteksyon figi; ale sou [Vitrin Nimerik pou Sèvis Enpresyon](#) pou kòmande.
 - Pwoteksyon figi ki jetab yo pral disponib nan plizyè lokal sou kanpis la pou sila yo ki bliye, pèdi oswa andomaje pa yo.

Sa enpòtan pou mete yon pwoteksyon figi ak kontinye rete nan omwen distans 6 pye de lòt yo, lave men nou souvan ak dezenfekte sifas yo souvan manyen yo - 4Maryland.

Si nou gen kesyon, kontakte safety@umd.edu.

Mary Ann Rankin

Vis Prezidan Prensipal ak Dwayen

Carlo Colella

Vis Prezidan pou Administrasyon ak Finans

Prezidan, Gwoup Travay pou Operasyon Retounen sou Kanpis